



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT ADMINISTRATIF BRONX LAN KÒM GAYAN
10 MILYON DOLA DEZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON SANT VIL POU
REJYON VIL NEW YORK LA**

***Eta pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la pou
Revitalize Sant Vil Katye Sant Administratif Bronx lan***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse katye Sant Administratif Bronx lan (Bronx Civic Center) pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman kòm gayan pou rejyon Vil New York la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm gayan DRI pou rejyon an epi yo chak ap resevwa 10 milyon dola nan investisman eta ap fè pou revitalize zòn lan, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la yo pou yo estimile ekonomi lokal la.

“Revitalizasyon sant vil la enpòtan anpil pou ranfòsman kominote nou an yo, sa k ap estimile kwasans biznis, epi atire ak kenbe pwochè jenerasyon lidè yo pou fè yo rete nan New York.”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa yo k ap fèt nan South Bronx lan pral tabli yon fondasyon solid pou kwasans kontinye atravè tout rejyon an epi pou rann kominote a pi solid, pi vyab pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Katye Sant Administratif Bronx lan gen ladan zòn ki nan limit ant pati sid 144th Street la, pati nò 165th Street, Rivyè Harlem lan alwès ak St. Ann's Avenue/East-Third Avenue alès. Lè yo te konsidere uit kritè pi ba la yo, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la (New York City Regional Economic Development Council) te revize pwopozisyon South Bronx te prezante pou revitalizasyon sant vil li a, ansanm ak lòt pwopozisyon lòt kominote nan rejyon Vil New York k ap patisipe yo te fè yo, avan yo te rekòmande pou nonmen katye Sant Administratif Bronx lan kòm chwa gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;

- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa katye Sant Administratif Bronx lan nan kad dezyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta ap fè ki pal revitalize zòn lan epi kreye nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm. Kounye a, katye Sant Administratif Bronx lan nan South Bronx ap rejwenn Jamaica, Queens ki te gayan premye faz DRI la pou rejyon Vil New York la.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Sa ap kòmanse yon lòt chapit nan istwa siksè ekonomik zòn Sant Administratif Bronx lan. Prim sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Sant vil la pral enfize nouvèl enèji nan youn nan katye ki pi miltikiltirèl nan peyi a, sa k ap ranfòse konektivite ant katye yo, kreyasyon djòb epi amelyore kalite lavi nan zòn lan. Mwen atann pou m wè zòn dinamik sa a pwospere nan Bronx.”

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development (ESD), Howard Zensky, te deklare, “Avèk divèsite rich, mache nesan, ak devlopman ki akse sou kominote li genyen yo, South Bronx prè pou kwasans ekonomik lokal dinamik epi Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pral katalize elan sa a epi pote resous yo byen bezwen vin nan South Bronx.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Prim sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la atribiye bay sant dinamik epi miltikiltirèl South Bronx lan siyale yon lòt pa ankò vè lavan nan renesans k ap kontinye fèt nan katye a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap bay kominote lokal yo opòtinite epi Depatman Eta a (Department of State) pral kontinye travay depre ak menm plis kominote ankò pou ede yo devlope sant komès ak sant kiltirèl iben sa yo.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare,

“Pwogram reyisi DRI Gouvènè a ap ede kominote toupatou atravè eta a yo transfòme sant vil yo pou yo vin tounen sant iben dinamik ak vivab kote Nouyòkè yo vle travay, viv ak elve fanmi yo. Avèk nouvèl faz prim sa yo, dis kominote anplis pral gen aksè a resous ak espesyalite presye eta a yo pou yo anbake sou wout anvè kwasans ak pwospèrite alontèm. Nou atann pou n travay ak katye Sant Administratif Bronx lan pandan y ap kreye pwòp plan direktè inik pa yo pou yon avni dirab solid.”

Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di, “Antanke yon rezidan kominote dinamik sa pandan tout vi mwen, mwen konnen dapre eksperyans pèsounèl Bronx se yon nan pi gwo trezò New York genyen. Aprè anpil ane nou pase ap defann envestisman transfòmasyon yo, mwen kontan anpil pou m wè chanjman ak opòtinite nou ka ofri fanmi ak vizitè nou yo. Jodi a, avèk prim sibvansyon revitalizasyon sant vil sa a nou pral fè pwochèn faz kwasans ki pral rann Bronx vin yon pi bon kote pou moun abite ak yon pi bon destinasyon pou tout moun jwi.”

Senatè José M. Serrano te deklare, “Prim sibvansyon DRI Gouvènè Cuomo a pral ede kontinye pwogrè ekstraòdinè sa Bronx deja kòmanse wè nan ane ki sot pase la yo. Plan entèlijans estratejik sa a pral ankouraje kwasans ak nouvèl opòtinite nan kominotè nou an yo, sa k ap kite yon enpak dirab sou rezidan Bronx lan yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Mwen remèsye Gouvènè a pou sipò inebnanlab li bay Vil New York epi paske li rekonèt potansyèl ineksplwate Bronx genyen.”

Manm Asanble Carmen E. Arroyo te deklare, “Gouvènè Cuomo te vwayaje atravè tout eta pou l akòde 10 milyon dola bay kominote ki byen merite l, ki te pran tan ak fè efò pou yo etabli yon plan estratejik pou favorize kwasans ekonomik ak siskè. Avèk dènye envestisman sa a, Bronx pral byen ekipe avèk finansman l bezwen pou l pran katye li yo ak tout moun Bronx yo pote yo nan yon nouvo somè, epi mwen atann pou m sipòte plan ki pral amelyore katye sa a yo pou anpil jenerasyon Nouyòkè k ap vini ankò.”

Manm Asanble Marcos A. Crespo te di, “Finansman enpòtan sa a pral ede renesans ekonomik rejyon sa te deja wè a nan nouvo soumè. Lè nou investi nan katye nou yo, nou pral ede vanse komès ak kwasans ekonomik katye nou an nan yon lòt nivo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rete yon alye devwe pou Nouyòkè yo epi paske l ap investi nan kominote nou yo, sa k ap ede yo pwospere pandan anpil ane k ap vini ankò.”

Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare, “Yo konsevwa Inisyativ Revitalizasyon Sant vil la pou l transfòme katye sant vil tradisyonèl yo pou yo vin tounen kominote ki menm pi dinamik toujou. Pwogram lan pral ede fòme avni South

Bronx, epi fè enstitisyon ki ozalantou kominote li a yo ak lòt yo vin tounen menm pi gran kote pou moun viv, travay ak elve fanmi yo. Avèk finansman sa a, South Bronx pral gen opòtinite pou l atenn potansyèl konplè li lè l itilize efò ki akse nan kominote a yo pou l ranfòse katye nou yo. Biwo mwen an apresye angajman Gouvènè Cuomo kontinye pran anvè Bronx lan, epi mwen atann pou m travay ak pati konsène onivo lokal la yo pou nou reyalize DRI sa a.”

Manm Konsil Vanessa L. Gibson te di, “Gras a Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ak devouman lidè Bronx yo ki te ede garanti finansman sa a, katye nou an yo pral resevwa atansyon ak investisman yo bezwen pou yo devlope ak pwospere. Prim sibvansyon 10 milyon dola sa a pral ede kominote nou an pwodwi katye ki pi solid, epi yon ekonomi ki pi solid pou pwochèn jenerasyon an.”

Manm Konsil Rafael Salamanca Jr. te di, “Investisman 10 milyon dola sa a ap chanje règ jwèt la pou Bronx. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, katye nou an yo pral resevwa finansman yo bezwen pou yo reyalize plan estratejik yo ki pral ankouraje kwasans biznis, amelyore kominote nou yo, epi amelyore kalite lavi pou tout rezidan Bronx lan yo.”

Michael Brady, ki se Direktè Egzekitif, Distri Amelyorasyon Biznis Twazyèm Avni an (Third Avenue Business Improvement District) / Ansyen Mèt Dè, South Bronx lan, te di, “Travay an kolaborasyon pou nou revitalize sant vil nou an se poto mitan yon politik devlopman ekonomik vizyonè. Inisyativ Gouvènè a, melanje ak travay fonksyonè lokal Bronx ak òganizasyon kominotè South Bronx lan yo, tankou Distri Amelyorasyon Biznis Twazyèm Avni an, ap ranfòse tisi ekonomik katye nou an yo epi ofri yon pwèn dantre pou ti biznis yo vin pwospere. Distri Twazyèm Avni an se kè koridò komèsyal South Bronx lan epi nou kontan anpil pou n gen opòtinite pou nou travay kòt a kòt ak lidè Eta yo ak lidè Bronx lan yo pou nou transfòme distri komèsyal ki pi ansyen nan Bronx lan.”

Sant Administratif Bronx lan

South Bronx se youn nan zòn k ap devlope pi rapid nan Vil New York. Katye tankou Mott Haven, Concourse Village, Melrose ak Morrisania te sibi transfòmasyon dramatik ki te baze sou efò popilè ak kominotè yo. South Bronx lan ap fleri avèk investisman piblik ak prive k ap fèt nan sektè lojman abòdab, etablisman kiltirèl, magazen vant an detay ak lòt sektè ankò. Anpil politik lokal tankou Inisyativ South Bronx (South Bronx Initiative) ak Estrateji Magazen Vant an Detay Melrose la (Melrose Retail Strategy) ki vin pwodwi Lower Concourse la, te pèmèt kwasans aktivite sa yo. Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pral eksplwate enèji sa a lè l fokis sou zòn Sant Administratif Bronx lan, ki se kè Bronx ki konekte katye miltikiltirèl yo tankou Hub la ak 149th Street ak Grand Concourse ki tou pre Inivèsite Kominotè Hostos la (Hostos Community College). Plan investisman estratejik la ak investisman DRI la pral deklanche plizyè faz aktivite ekonomik, elve yon kominote ki gen revni fèb, epi demontre meyè pratik nan pwoteksyon moun ki ekonomikman vilnerab yo kont depasman rezidansyèl.

Yo pral devlope yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize Sant Administratif Bronx lan avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki

gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo, pral dirije pwosesis devlopman an, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis ki soti nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou Sant Administratif Bronx lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant vil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou Sant Administratif Bronx lan, ansanm ak plan lòt nèt gayan DRI yo te devlope a yo, pral gide investisman fon sibvansyon DRI la yo k ap fèt nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou sant vil li a epi ki ka rantabilize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a ap fè a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, ale sou: www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418